



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 23 jiyè 2013

GOUVÈNÈ CUOMO AP BAY ESPLIKASYON SOU PWOGRAM SEKOU AKÒZ INONDASYON

Gouvènè a ap diskite sou Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon an (NYS Flood Recovery Program) kap ofri fon eta a pou pwopriyetè kay biznis ak fèm agrikòl nan Konte Niagara

Gouvènè Andrew M. Cuomo te vizite jodi a Lockport pou diskite Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon an epi ankouraje rezidan ak biznis ki kalifye nan Konte Niagara aplike pou èd eta a. Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon \$16 milyon dola a se yon pwogram ki la pou bay asistans redrèsman imedyat pou viktim inondasyon sa yo epi pou konble vid ki genyen nan kouvèti asirans pou pwopriyetè kay yo, pwopriyetè biznis yo ak bitasyon agrikòl yo ki nan Konte Herkimer, Madison, Montgomery, Niagara ak Oneida.

“Depi inondasyon ki te frape Konte Niagara a nou te angaje nou pou bay pwopriyetè kay ak biniz èd yo bezwen pou rekontwi pi solid ak pi byen pase anvan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Jounen jodi a, eta a pare pou l fè efò pou l bay rezidan ak kominote sa yo asistans pou redrèsman, pou yo ale pi lwen ak pi wo sa gouvènman federal la te kapab bay la. Angajman finansye eta a garanti Nouyòkè jwenn sipò anplis pou rekontwi ak retabli.”

Alòske inondasyon lotre jou yo te grav nan anpil kominote – premye ankèt yo montre gen plis pase 500 kay ak 150 biznis ki te sibi yon domaj kèlkonk – pèt finansye ak pwopriyete ki rive akòz inondasyon yo te anba montan ki deklanche èd federal FEMA ak lòt èd federal. Pou satisfè bezwen lokal yo, lajan pou pwogram sa a ap disponib nan yon afektasyon lajan leta pou ijans, epi se lejislati a ki afekte lajan an ane sa a.

Dapre pwogram nan, pwopriyetè kay yo, pwopriyetè ti biznis yo ak kiltivatè yo oswa operasyon agrikòl ki nan konte yo deziyen yo ka kalifye pou resevwa sibvansyon, yo ka gen pou bay dokiman domaj ki asosye avèk inondasyon yo ak dokiman pou pèt yo fè ki pa t gen asirans. Pwopriyetè kay yo ka kalifye pou jiska \$31.900 dola nan asistans lan. Pwopriyetè ti biznis ak agrikiltè oswa espwatasyon agrikòl yo ka kalifye pou jiska \$50.000 dola asistans.

Pou pwopriyetè kay, kèk nan depans ki kalifye yo se reparasyon ak/oswa ranplasman domaj nan do kay, fenèt, pèt, kouvèti deyò, planche kay, miray, izolasyon, fondasyon, pui ak sistèm septik, sistèm elektrik, tank gaz, sistèm chofaj ak sistèm dlo, ak aparèy menaje, ak eliminasyon danje nan anviwònman an.

Haitian Creole

Pwopriyetè kay ki gen pwopriyete yo ki te detwi nan inondasyon sa yo ka kalifye tou pou yon racha pwopriyete ki sibi domaj yo.

Pou biznis, kèk nan depans ki kalifye yo se ranbousman pou pèt nan envantè, ekipman, materyèl, enstalasyon ak mèb; ak tou modèl, konstwiksyon, reyabilitasyon oswa rekonstwiksyon fondasyon ki sibi domaj nan inondasyon yo.

Pou fèm agrikòl, gen lajan ki disponib pou finansman ijans pou ede avèk reparasyon majè fèm agrikòl ak bezwen ranplasman.

Yon repatisyon èd selon konte yo endike anba la a:

Konte	Total
Herkimer	4.000.000
Madison	\$3.000.000
Montgomery	4.000.000
Niagara	\$2.000.000
Oneida	\$3.000.000
TOTAL	\$16.000.000

Senatè George Maziarz te di konsa, “Pandan dlo inondasyon yo tap monte, Gouvènè Cuomo ak mwen te konnen goudenman eta a tap gen yon wòl pou l jwe nan ede retablisman solid kay ak biznis nan Konte Niagara. Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon an jwe wòl sa - l ap konble vid nan èd FEMA pa te kapab bay epi li ofri pwopriyetè kay ak biznis vre soulajman pou ede yo rekole mòso yo ansanm. M apresye angajman san fay gouvènè a nan moman nesese yo, epi mwen rete kwè kominote nou an pral retabli byen rapid.”

Manm Asanble John Ceretto te di konsa, “Pandan mwa ki sot pase a, dlo inondasyon te koze gwo dega nan kay ak biznis nan tout Konte Niagara. Lè rezidan nou yo te nan bezwen, eta a te fè efò pou l ofri asistans endividyèl FEMA pa te kapab bay, epi fòk nou remèsye Gouvènè Cuomo pou sa. Gouvènè a se yon alye solid pandan retablisman kominote nou an epi Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon li a bay lokalite nou yo fon nesese yo pou rekonstwi katye ki te sibi domaj. Konte Niagara wou wout pou li retabli rapidman epi mwen remèsye Gouvènè a pou sipò san fay li pou kominote lokal ki te viktim nan inondasyon sa yo nan tout eta a.”

Haitian Creole

Prezidan lejislati Konte Niagara, William Ross, te di konsa, “Kay ak biznis nan tout Konte Niagara te rete kwense ant yon pye bwa ak ekòs li lè FEMA te pran desizyon pou pote asistans bay òganis gouvemantal sèlman. Sepandan, Gouvènè Cuomo te toujou di nou pa tap gen pou fè fas ak rekonstwiksyon pou kont nou, epi li respekte pwomès sa ak Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon an. Mwen kontan genyen you patenè nou ka apiye sou li tankou Gouvènè Cuomo, epi m espere travay ak li pou konstwi yon Konte Niagra pi solid ak pi bon.”

Majistra Lockport, Michael Tucker, te di konsa, “Inondasyon lotre jou ki te frape Lockport la te boulvèse lavi moun epi te prezante kou redrèsman chè anpil pou pwopriyetè kay ak biznis. Alòske gouveman lokal nou an te kapab resevwa èd nan men FEMA, sitwayen prive pa te kapab, epi ta pral rekonstwi pou kont yo si se pa te aksyon Gouvènè Cuomo. Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon an se yon lòt siy ki montre kijan gouveman eta a te vin yon patenè aktif pou kominote lokal atravè eta a.”

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon an, ak dokiman aplikasyon yo, tanpri ale sou sitwèb: <http://www.nyshcr.org/Programs/NYS-Flood>. Pwopriyetè kay, biznis ak bitasyon agrikòl ki afekte yo kapab rele Liy Èd Eta New York pou Inondasyon nan 1-888-769-7243 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou resevwa asistans lan anba pwogram sekou Eta New York akòz Inondasyon. Liy Èd Eta New York akòz Inondasyon disponib depi 8:00 a.m. jiska 08:00 p.m. Lendi jiska vandredi, epi depi 10:00 a.m. jiska 5:00 p.m. nan jou samdi ak dimanch.

Pwogram Sekou Eta New York akòz Inondasyon se yon efò kowòdone Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York (NYS DHSES), Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (NYS HCR), ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (NYS DAM).

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418